



FIU | Arts, Sciences & Education
School of Education and Human Development

*MIAMI-DADE COUNTY PUBLIC SCHOOLS
FIU AFTER-SCHOOL ALL-STARS PROGRAM*



***IV GID POU PARAN
2023-2024***



Manm Komisyon Konsèy Lekòl

Madan Mari Tere Rojas, Chemann
Mesye Danny Espino, Vis Chemann
Mesye Roberto J. Alonso
Madan Lucia Baez-Geller
Dtè. Dorothy Bendross-Mindingall
Madan Mary Blanco
Madan Monica Colucci
Dtè. Steve Gallon, III
Madan Luisa Santos

Sipèentandan Lekòl yo

Dtè. Jose L. Dotres

Depite Sipèentandan

Office of School Leadership and Performance
Dtè. John Pace

Dirèktè Administratif

Office of School Leadership and Performance
Dtè. Linda Amica-Roberts

RÈGLEMEN PWOGRAM ANRICHISMAN LEKÒL MWAYEN APRE-LEKÒL "ALL-STARS" FIU LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY

PWOGRAMP

Pitit gason/fi ou a enskri nan Lekòl Mwayen Anrichisman Apre-Lekòl "All-Stars" FIU kounye a nan Lekòl Mwayen_____. Yo pran anpil swen pou planifye yon varyete aktivite amelyorasyon e anrichisman akademik, ki gen ladan asistans devwa pou sipòte e amelyore siksè akademik e devlopman sosyal pitit gason/fi ou a. Silvouplè pa ezite kontakte Madan/Mesye, Manadjè Pwogram nan si w gen nenpòt kesyon.

ENSKRIPSYON

Yo pap konsidere okenn kat enskripsyon konplè san li pa gen pwòp siyati paran/gadyen an ak KAT ENFÒMASYON ANKA IJANS. Tout seksyon nan kat ijans la dwe ranpli. **ENFÒMASYON KONTAK ANKA IJANS, MOUN OU OTORIZE POU VIN CHÈCHE ELÈV LA e TCHEKE KOTE POU TRETMAN MEDIKAL ANKA IJANS OBLIGATWA.** Si ou chwazi "NON" nan seksyon Tretman Medikal Anka Ijans, ou dwe atache yon lèt paran/gadyen an ak kat ijans la ki va eksplike egzakteman ki aksyon nou dwe suiv anka ta gen yon sitiyasyon ijan. Li **EKSTRÈMMAN ENPÒTAN** pou w avize manadjè pwogram nan si gen chanjman nan kontak ijans la e/oubyen moun ou otorize pou vin chèche elèv la.

ASIRANS

Lè w enskri pitit gason/fi ou a, ou ap gen opòtinite pou pran asirans yo ofri atravè distri a pou elèv. Malgre achte asirans la pa obligatwa, nou rekòmande ou fè sa a. Sa se yon plan asistans siplemantè li **PA** ranplase asirans medikal endividyèl ki kouvri fanmi la. Se responsablite w pou familiarize w ak nenpòt limitasyon asirans e lòt enfòmasyon yo mete nan bwochi a.

https://www.hsri.comk12_enrollment/main/newaccount.asp

LÈPWOGRAMNAN

Manadjè Pwogram nan ap ba ou orè lè fonksyonman pou Pwogram Apre Lekòl "Middle School Enrichment/FIU After School All-Stars Partnership" la ak yon orè pou aktivite pwogram nan.

Dènye jou pwogram sou oswa anvan, 7 jen 2023.

Pwogram nan pap fonksyone nan jou sa yo akòz se Jou Planifikasyon Pwofesè (pa gen lekòl pou elèv yo) e Jou yo Lage Bonè yo:

Jou Planifikasyon Pwofesè : 25 septanm; oktob 27; 22 desanm ; 19 janvyè ; 22 mas ; e 10 avril.

Jou yo Lage Bonè : 4 septanm; 10, 23 novanm; 15 janvyè ; 19 fevriye ; e 27 me.

Jou Rekreyasyon : 20-24 novanm ; 25-29 desanm ; 1-5 janyè ; 25-29 mach.

PREZANS

Nou atann pou elèv ki enskri nan Pwogram Apre Lekòl 'Middle School Enrichment/FIU After School All-Stars Partnership' ale nan pwogram nan chak jou ki gen aktive nan pwogram nan. **Elèv yo dwe ale nan yon minimòm 4 jou pa semèn pou yo kab rete nan pwogram nan. Anpil absans yo ap lakoz yo retire elèv la nan pwogram nan. Vin chèche li tout tan anvan fen pwogram nan kab lakoz yo retire l nan pwogram nan pèmanant.**

Pa koutwazi avize nou davans si w gen plan pou retire pitit ou nan pwogram nan. Kondisyon bous la se pou nou administre yon egzamen final anvan timoun nan kite pwogram nan.

LAGEELÈVYO

Pou elèv yo ka jwenn maksimòm anrichisman li rekòmande pou elèv yo ale nan klas pou tan pwogram dire an. Vin chèche li tou tan anvan fen pwogram nan kab lakoz yo retire l pèmanant nan pwogram nan. Vin chèche timoun nan **PA PITA** pase lè yo site anwo a. Si gen yon ijans enprevi, nou atann pou w fè aranjman pou vin chèche pitit ou anvan lè nou lage a e avize manadjè a jan sa dwe fèt. Paran ki pa ka vin chèche pitit yo alè, regilyèman ap pèdi sèvis pwogram nan.

Si yo pa ka jwenn yon paran oubyen gadyen apre yo fin epuize tout metòd kontak, e/si yo deja lage tout lòt timoun yo e pwogram nan fini pou omwen 60 minit, dirijan andwa a ka kontakte otorite apwopriye yo (pa egzanp, polis/Depatman Timoun ak Fanmi) pou yo vin chèche timoun nan. Paran oubyen gadyen an ap responsab pou ale chèche timoun nan ki sou sipèvizyon otorite yo.

PWOSEDIPOULAGE

Vin Chèche: Biwo a dwe siyen chak elèv bay **MOUN KI OTORIZE** ki nan lis sou kat anrejistreman an. Yo ap mande moun ki otorize a pou li prezante yon idantifikasyon ak foto. Nou **PAP PÈMÈT** nenpòt moun KI PA SOU LIS kat anrejistreman an kite lekòl la ak elèv la.

Mou ki Otorize: Se **SÈLMAN** moun ki nan lis sou kat anrejistreman pitit gason/fi ou a nou ap konsidere

otorize. Manm fanmi, si non yo pa nan lis la nou pap konsidere yo otorize pou vin chèche pitit ou. Manadjè pwogram nan ap verifye anvan yo remèt timoun nan bay yon moun ki pa nan lis fòm anrejistremen an.

Mache Ale Lakay: Fòm notifikasyon paran/gadyen an ranpli a dwe nan dosye elèv la si elèv la ap mache ale lakay li. Lè li ap derape a dwe espesifye alekri sou notifikasyon an, Manadjè pwogram nan dwe apwouve derapman elèv la.

Aktivite Bis: Yon bis pou aktivite ap disponib pou mennen pitit ou lakay li lè pwogram nan konkli. Elèv yo dwe rete nan zòn limit lekòl la pou yo pran avantaj sou sèvis sa a. Silvoulè avize manadjè pwogram nan si w vle nou transpòte pitit ou, e nou ap ba ou yon fòm pou w ranpli e siyen li. Yon fwa ou retounen fòm nan bay manadjè pwogram nan, demand sèvis transpòtasyon an ap fèt. Nou va avize w dat sèvis la ap kòmanse e lokasyon kote pou pitit ou a pran bis la ak lè nou estime pou depoze li.

Absans Elèv: Nou ap fè pivit posib pou kontakte paran oubyen gadyen yon elèv ki absan nan pwogram nan e li pa nan lis absan nan lekòl la. Paran dwe avize manadjè pwogram nan si pitit li absan kèlkeswa jou a.

Chanjman nan Pwosedi yo Lage: Si genyen nenpòt chanjman nan pwosedi pou lage pitit gason/fi ou a, a chak jou oubyen tout tan, silvoulè avize biwo apre lekòl la an pèsòn oubyen alekri imedyatman. Sa ap ede asire sekirite pitit gason/fi ou a. Si pou kèlkeswa rezon, ou vin chèche pitit gason/fi ou a bonè nan yon jou lekòl regilye pwogram nan, silvoulè fè pivit posib pou w kontakte pwogram Anrichisman Lekòl Mwayen Apre-Lekòl "All-Stars" FIU.

TIGOUTE

Chak jou yo a ap bay pitit ou a yon tigoute nourisan. Silvoulè avize manadjè pwogram nan nenpòt alèji manje lè ou ap fè enskripsyon an. Si pitit ou a pap ka manje tigoute pwogram nan ofri a, silvoulè kontakte biwo nou an, kòm ou konnen ou responsab pou ofri yon tigoute nourisan ki va satisfè bezwen pitit ou a.

MALADI/AKSIDAN

Anka pitit gason/fi ou a ta vin malad oubyen li fè aksidan diran pwogram nan, nou ap avize w imedyatman e ou dwe fè aranjman pou ou vin chèche pitit ou lè sa a.

OTORIZASYONMEDIKAL

Anka pitit gason/fi ou a bezwen pran medikaman diran lè li nan pwogram nan, ou dwe ranpli yon fòm

pèmisyon e nou ap kenbe l nan dosye li. Silvoulè avize manadjè pwogram nan de sikonstans espesyal sa yo.

MENTNIKONPÒTMANELÈVAPWOPRIYE

Lekòl nou an etabli pou benefisye tout elèv. Li mye pou akonpli bi edikasyonèl lekòl la nan yon anbyans kote konduit elèv yo akseptab sosyalman e rann li fasil pou aprann. Nou pap tolere konduit elèv ki entewonp pwosesis oubyen ki anpyete l sou dwa lòt moun.

Pitit gason/fi ou a ap anba sipèvizyon yon anplwaye kalifye ki fanmiye ak lekòl li a. Nou ap suiv Kòd Konduit Elèv nan lekòl regilye a. Malelve, derespekte lidè yo, detruy pwopriete oubyen ekipman, vandalize, di betiz, oubyen nenpòt lòt aksyon malonèt, ap lakoz aksyon disiplinè e si li nesèsè, retire l nan pwogram nan. Nou ap kontakte ou sou seryezite e/oubyen move konduit ki ap repete. Si yon elèv kontinye vyole règ e règleman nan etablisman an, sa ap lakoz yo sispann elèv la vin nan pwogram nan.

PATISIPASYONAKANGAJMANPARAN/GADYEN

Se yon obligasyon pou paran/gadyen patisipe nan omwen youn nan evènman pwogram nan pa ane e yo dwe ranpli tout sondaj yo mande yo pou pitit yo patisipe nan pwogram gratis sa a.

HIPPA'/KONFIDANSYALITE

Pwogram "FIU After-School All-Stars (FIUASAS)" (Apre Lekòl nan FIU 'All-Stars') kolekte nimewo Idantifikasyon elèv patisipan nan Lekòl Leta Miami-Dade County, pou objektif sa yo:

- Pou fè rechèch, suiv e mezire efè pwogram ak sèvis FIUASAS finanse yo, nan yon efò pou kenbe e amelyore pwogramasyon an pou lavni. Yo pap pibliye enfòmasyon idantifikasyon patisipan yo.
- Pou idantifye e fè koneksyon ant endividi ak enfòmasyon anndan e pami divès sistèm ak lòt ajans pou objektif rechèch.

NÒT FSA/ANE ESKOLÈ

Pwogram Apre Lekòl nan FIU 'All-Stars' pral kolekte enfòmasyon sou ane eskolè ak nòt FSA Lekòl Leta Miami-Dade County pou chak patisipan ki patisipe nan pwogram nan. Yo ap sèvi avèk enfòmasyon yo pou rechèch ak amelyorasyon pwogram nan. Yo pap pibliye enfòmasyon idantifikasyon patisipan yo.

LEKÒL MWAYEN

**FÒM REKONESANS PARAN
POU
“MIDDLE SCHOOL ENRICHMENT/FIU AFTER-SCHOOL ALL-STAR
PARTNERSHIP PROGRAM”
(PWOGRAM PATENARYA ANRICHISMAN LEKÒL MWAYEN APRE-LEKÒL FIU)**

Mwen resevwa, li e rekonèt règ ki souliyen nan gid pwogram nan pou “Middle School Enrichment/FIU After-School All-Stars Partnership Program.” Kòm yon paran/gadyen, mwen responsab sipèvizyon anvan e apre orè pwogram pitit mwen an.

Yo ofri m opòtinite pou mwen achte asirans aksidan lekòl sa a pou ane sa a pou pitit gason/fi mwen an.

Se yon obligasyon pou paran/gadyen patisipe nan omwen youn nan evènman pwogram nan pa ane e yo dwe ranpli tout sondaj yo mande yo pou pitit yo patisipe nan pwogram gratis sa a.

Elèv yo dwe patisipe nan pwogram nan diran tout orè jounen an. Mwen konprann si mwen vini chèche pitit mwen anvan pwogram jounen nan fini e/oubyen mwen pa vini chèche li alè, yo ap tèmine patisipasyon li nan pwogram nan aprè twazyèm fwa sa pase.

Mwen konprann yo ap kenbe fòm rekonesans ranpli sa a nan dosye ofisyèl pitit gason/fi mwen an.

Non Elèv la (Silvoulplè Enprime)

Non Paran/Gadyen (Silvoulplè Enprime)

Siyati Paran/Gadyen

Dat